

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Fungsi basa dina kahirupan sapopoé nyaéta salaku alat komunikasi. Prosés komunikasi antar manusa henteu salawasna togmol. Dina nyarita maké basa Sunda, manusa sok maké kekecapan atawa ungkara anu miboga harti nyamuni. Ieu hal téh kaasup kana gaya basa. Dina kahirupan, manusa maké gaya basa sangkan anu diajak ngomong henteu nyeri haté, saupama dibandingkeun atawa disaruakeun kana hiji hal nu lian. Gaya basa gé mangrupa ciri has kedaling eusi haté atawa pikiran tina hiji jalma.

Gaya basa henteu leupas tina karya sastra. Cahyadi (2016, kc. 7) nétélakeun yén gaya basa aya pakaitna jeung masalah dina ngagunakeun basa sacara husus, ku kituna dina ieu hal karya sastra dianggap jadi sumber data anu utama. Dina karya sastra, gaya basa mangrupa tulisan anu éndah pikeun ngirut pamaca. (Tarigan, 2013, kc. 4) nétélakeun yén gaya basa mangrupa basa nu éndah jeung dipaké pikeun ngaronjatkeun éfék ka nu maca, ku cara ngawanohkeun sarta ngabandingkeun hiji barang atawa hal, ku barang séjén anu leuwih umum. Gaya basa mangrupa gaya atawa *style* pangarang dina nulis karya sastra. Ieu hal anu bakal jadi ciri has pangarangna sorangan pikeun nepikeun tujuan tina eusi carita anu ditulis.. Dina karya sastra *style* dipaké pangarang salaku sarana rétorika ku cara ngaéksplorasikeun, ngamanipulasi, jeung ngamangpaatkeun poténsi basa nu aya ( Altenbernd & Lewis dina Al-Ma'ruf, 2009, kc. 68).

Karya sastra modérn anu miboga carita ngeunaan kahirupan sapopoé nyaéta novél. Novél téh mangrupa prosa anu nyaritakeun kajadian-kajadian nu kaalaman ku palaku jeung jalma di sabudeureunana. Gaya basa dina novél mangrupa wujud dina makéna basa ti panulis keur ngedalkeun gambaran, gagasan, sawangan jeung nimbulkeun éfék keur nu maca (Aminuddin dina Khusnin, 2012, kc. 46). Salasihiji novél anu miboga carita kahirupan dina jaman kiwari nyaéta novél *Jangji Asih* karya Aam Amilia. Ieu novél nyaritakeun kahirupan rumaja jaman kiwari anu henteu percaya diri kana

kaayaan dirina. Di dieu pangarang maké gaya basa anu ngabandingkeun hiji hal jeung hal séjén. Salian ti ayana gaya basa babandingan, ieu novél gé miboga ajén-ajén anu hadé pikeun budak jaman kiwari.

Gaya basa raket patalina jeung ngabandingkeun hiji hal kana hal nu séjén. Ku kituna, aya sababaraha gaya basa dina basa Sunda anu disebut gaya basa babandingan, saperti ngupamakeun, lalandian, mijalma, kadalon, ébréhan jeung silib. Gaya basa babandingan dipaké pikeun ngabandingkeun hiji hal jeung hal séjénna anu miboga ciri, sipat atawa kaayaan anu sarua, sanajan nalika ngomong atawa ngedalkeunna sok dibalibirkeun.

Jaman kiwari, makéna gaya basa dina basa Sunda téh beuki lila beuki ngurangan. Ieu hal aya pakaitna jeung minat budak kana maca novél Sunda, anu bisa dibilang geus kawilang kurang. Dina taun 2013 di pabukon Cianjur ngan sapersén pelajar atawa siswa anu minat kana maca buku Sunda (Hapsari, 2013), ieu hal ku sabab budak ngarasa yén basa Sunda téh hésé. Padahal novél Sunda gé miboga unsur-unsur intrinsik kaasup gaya basa anu kawilang penting. Kurangna kabeungharan kecap ngabalukarkeun ogé siswa teu pati resep maca novél Sunda. Padahal dina tujuanna mah pangajaran basa Sunda téh sangkan bisa jadi basa anu dipaké dina kahirupan sapopoé, tapi ku budak dianggap hésé (Wulandari, 2018). Salian ti éta budak ngora gé saeutik anu komunikasi maké basa Sunda. Ieu hal anu jadi pasualan dina panalungtikan. Nurutkeun (Tarigan, 2013, kc. 3) gaya basa téh mangrupa salasahiji téhnik anu bisa dimekarkeun pikeun nambahan kabeungharan kecap siswa. Dina pangajaran basa Sunda di SMP, aya matéri pangajaran novél anu kaasup kana KIKD Mata Pelajaran Bahasa jeung Sastra Sunda Kurikulum 2013 Revisi 2017 jenjang SMP/MTs (Pemerintah Daerah Provinsi Jawa Barat, 2017, kc. 39). Novél Sunda gé loba ajén-ajén anu saluyu keur kaayaan siswa jaman kiwari, sarta bisa nambahan kandaga kecap. Saperti anu di tétélakeun ku Haerudin&Kardana, 2013, kc.111) yén pangajaran kandaga kecap aya dina papayung pangajaran kamahéran basa; dina topik pangajaran maca, nyarita, jeung nulis. Ieu hal fungsina mangrupa alat pikeun ngahontal tujuan pangajaran. Gaya basa dina novél mangrupa salasahiji unsur dina eusi

caritana. Sanajan lain matéri anu inti (matéri implisit) dina pangajaran, gaya basa penting pikeun maham eusi novél sagemblengna.

Panalungtikan ngeunaan gaya basa geus kungsi dilaksanakeun, di antarana waé, “Gaya Basa dina Novél *Puputon* karya Aam Amilia” (Widya Nur Fajrin, 2009) anu nalungtik ngeunaan gaya basa nu aya dina novél. “Gaya Basa dina Kumpulan Carpon *Rusiah Kaopatwelas* karangan Darpan Ariawinangun (Pikeun Bahan Pangajaran Di SMA” (Rostika Srihilmawati, 2016) anu nalungtik ngeunaan gaya basa dina kumpulan carpon tuluy dijadikeun bahan pangajaran di SMA. “Gaya Basa Rétoris dina Kumpulan Guguritan *Lagu Ngajadi* karya Dian Hendrayana (Pikeun Bahan Pangajaran di SMP)” (Eva Rahmawati, 2017) anu nalungtik gaya basa rétoris dina kumpulan guguritan tuluy dijadikeun bahan ajar guguritan di SMP. “Gaya Basa Ngupamakeun dina Novél *Potrét* karya Ahmad Bakri pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Novél di SMA” (Anggie Bintang Meidy, 2017).

Panalungtikan-panalungtikan anu geus dilaksanakeun saméméhna loba anu makaitkeun gaya basa jeung karya sastra, tapi henteu jembar. Salian ti éta, masih saeutik anu hasilna dipakaitkeun jeung pangajaran SMP. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “Gaya Basa Babandingan dina novél Jangji Asih Karya Aam Amilia pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Novél di SMP” perlu dilaksanakeun.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, novél nyaéta karya sastra nu bisa dianalisis jeung diaprésiasi. Unsur-unsur nu bisa diaprésiasi di antarana waé struktur carita nu ngawengku: téma, latar, palaku, puseur sawangan, gaya basa, jeung amanat. Di antara unsur-unsur struktur carita, gaya basa babandingan nu jadi puseur ulikan dina ieu panalungtikan. Ari hal-hal anu diulikna nya éta wanda, ma’na jeung bahan ajar. Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, masalah anu dirumuskeun téh sakumaha ieu di handap.

- a. Gaya basa babandingan naon waé nu nyampak dina novél *Jangji Asih* karya Aam Amilia?

- b. Kumaha wanda gaya basa babandingan nu nyampak dina novél *Jangji Asih* karya Aam Amilia?
- c. Kumaha ma'na tina gaya basa babandingan nu nyampak dina novél *Jangji Asih* karya Aam Amilia?
- d. Kumaha gaya basa babandingan dina novél *Jangji Asih* karya Aam Amilia lamun dijadikeun salasihiji unsur aprésiasi novél di SMP?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga dua tujuan anu baris dihontal nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan sacara umum boga tujuan pikeun ngulik, medar, jeung ngadéskripsikeun ngeunaan gaya basa babandingan nu aya dina novél *Jangji Asih* karya Aam Amilia. Analisis data anu kapaluruh dilarapkeun pikeun bahan pangajaran aprésiasi novél di SMP.

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan nyaéta pieun ngadéskripsikeun:

- a. gaya basa babandingan anu nyampak dina novél *Jangji Asih* karya Aam Amilia.
- b. wanda gaya basa anu nyampak dina novél *Jangji Asih* karya Aam Amilia.
- c. ma'na tina gaya basa nu nyampak dina novél *Jangji Asih* karya Aam Amilia.
- d. gaya basa babandingan dina novél *Jangji Asih* karya Aam Amilia lamun dijadikeun salasihiji unsur aprésiasi novél di SMP.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu tulisan dibagi jadi opat, nyaéta mangpaat teoritis, mangpaat tina segi kawijakan, mangpaat tina segi praktis, sarta mangpaat tina segi aksi jeung isu sosial.

#### **1.4.1 Manfaat Tioritis**

Manfaat teoritis tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mekarkeun pangaweruh ngeunaan élmu stilistika nya éta gaya basa.

#### **1.4.2 Manfaat tina Segi Kawijakan**

Manfaat tina segi kawijakan nyaéta dipiharep hasil tina ieu panalungtikan bisa jadi bahan tinimbangan tim panyusun bahan ajar sangkan matéri gaya basa bisa dijadikeun matéri anu inti.

#### **1.4.3 Manfaat tina Segi Praktis**

Manfaat sacara praktis dina ieu panalungtikan téh pikeun siswa, guru, jeung panalungtik, nu di antarana.

##### **a. Pikeun Siswa**

Sangkan pamahaman siswa bisa leuwih lega kana gaya basa babandingan nu aya dina novél.

##### **b. Pikeun Guru**

Sangkan guru tiasa apal sakumaha kamampuh siswa dina mikanyaho gaya basa babandingan nu aya dina novél.

##### **c. Pikeun Panalungtik**

Sangkan nu nalungtik bisa méré élmu pangaweruh ngeunaan gaya basa babandingan dina novél.

#### **1.4.4 Manfaat tina Segi Aksi jeung Isu Sosial**

Tina segi isu jeung aksi sosial, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun ngeuyeuban bacaan nu di jerona nyangkaruk gaya basa babandingan sangkan bisa leuwih apal ngeunaan gaya basa di sabudeureunana.

### **1.5 Raraga Tulisan**

Ieu tulisan téh disusun jadi lima bab. Bab I mangrupa bab bubuka anu eusina ngébréhkeun kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan diayakeunna panalungtikan anu ngawengku tujuan husus jeung tujuan umum, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat teoritis, mangpaat tina

segi kawijakan, mangpaat tina segi praktis, sarta mangpaat tina segi aksi jeung isu sosial, jeung raraga tulisan.

Bab II ngeunaan kajian pustaka jeung raraga mikir anu medar tiori-tiori nu aya dina panalungtikan. Dina ieu bab dipedar leuwih teleb ngeunaan gaya basa, wanda gaya basa babandingan jeung pangajaran gaya basa babandingan.

Bab III mangrupa Méthode panalungtikan anu dipaké keur ieu panalungtikan. Dina ieu bab ngébréhkeun ngeunaan desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV mangrupa bab anu medar hasil tina panalungtikan. Eusina mangrupa déskripsi tina panalungtikan nu geus dilaksanakeun anu ngawengku wanda gaya basa babandingan nu aya dina novél *Jangji Asih* karya Aam Amilia, ma'na gaya basa babandingan jeung bahan pangajaran aprésiasi novél di SMP.

Bab V mangrupa panutup. Dina ieu bab ngébréhkeun kacindekan, implikasi jeung rékoméndasi tina hasil panalungtikan pikeun panalungtikan satuluyna.